



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A POU EDE AKSELERE REKLAMASYON AN REpons A TANPÈT IVÈNAL ISTORIK LA**

***Nou ankouraje Nouyòkè yo rele liy dirèk DFS pou katastwòf nan (800) 339-1759 pou kesyon ki gen rapò ak asirans***

Gouvènè Kathy Hochul mande Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) jodi a pou yo bay pèmi ekspè tanporè pou eskpè asirans endepandan ki kalifye andeyò eta a, pou akselere reklamasyon asirans yo nan limyè tanpèt ivènal la ki afekte zòn Buffalo ak Watertown. Akselere pèmi yo pral ogmante kantite ekspè ki dipsonib pou trete reklamasyon sa yo epi pral ede Nouyòkè yo resevwa peman reklamasyon yo pi rapid. Nou ankouraje asirè yo pou yo fè tout aplikasyon ki nesèsè yo sou sitwèb Depatman Sèvis Finansye a.

"Administrasyon mwen an ap itilize tout zouti ki disponib pou nou bay biznis ak pwopriyetè kay New York yo soulajman apre tanpèt ivènal istorik sa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo direktiv sa a pral ede akselere reklamasyon asirans pou Nouyòkè ki nan bezwen yo epi akselere efò rekiperasyon nou pandan n ap kontinye travay tout lajounen ak lannuit pou ede rezidan zòn Buffalo ak Watertown. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo fè reklamasyon osito ke yo kapab pou ede rekonstwi kominote yo ak kay yo".

**Sirentandan Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare**, "DFS pare pou ede pwopriyetè kay ak biznis ki afekte yo avèk kesyon asirans ak reklamasyon ki gen rapò ak tanpèt ivènal la. DFS pral bay pèmi ekspè tanporè pou moun k ap reponn a pèt pwopriyete nan konte Lwès, Santral ak Nò New York, epi n ap kontinye ede nan efò repons pou ijans an patenarya avèk ajans eta parèy yo ak patnè lokal yo pou ede kominote sa yo rekonstwi ak rekipere".

Akòz gravite tanpèt ivènal la ak kantite domaj pou pwopriyetè kay yo ak biznis yo, li enpòtan pou endistri asirans lan travay pou jwenn yon rezolisyon jis ak rapid pou tout reklamasyon yo epi bay resous ki nesèsè pou fè sa. Nan sitistasyon ijans sa a, DFS espere ke tout konpayi asirans yo fè pati pa yo nan:

- Trete ak envestige rapidman reklamasyon asirans demandè yo fè;
- Otorize demandè yo bay kòm prèv rezonab, atik tankou: foto oswa anrejistreman videyo (san nesèsite pou gen enspeksyon fizik); echantyon materyèl, si sa

aplikab; envantè; ak resi pou nenpòt reparasyon oswa ranplasman pwopriyete;  
epi

- Otorize demandè yo fè reparasyon rapid sou pwopriyete ki andomaje yo si sa nesesè pou pwoteje sante oswa sekirite.

DFS ap kontinye kontwole sitiyasyon an epi ede rezidan ak biznis ki afekte yo avèk pwoblèm ki gen rapò ak asirans.

Rezidan yo ka jwenn asistans tou avèk enfòmasyon sou asirans konsènan kouvèti polis pou pèt ak sijesyon sou fason pou dokimante pèt yo ak pwoteje pwopriyete yo lè yo rele Liy Dirèk Depatman an pou Katastwòf nan 800-339-1759, chak jou, 8:30 am pou 4:30 p.m. epi lè yo antre sou sitwèb Depatman an nan [www.dfs.ny.gov](http://www.dfs.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418